



KHUTBAH BAHASA SUNDA HAK MUSLIM JEUNG SASAMA MUSLIM

= KHUTBAH PERTAMA =

الْحَمْدُ لِلَّهِ الَّذِي أَمَرَنَا أَنْ يُوَصَلَ الْأَرْحَامَ، أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ ذُو الْجَلَالِ وَالْإِكْرَامِ. وَأَشْهَدُ أَنَّ مُحَمَّدًا عَبْدُهُ
وَرَسُولُهُ صَاحِبُ الْأَذْكَيَاءِ وَالْكَرَامِ، اللَّهُمَّ فَصَلِّ وَسَلِّمْ عَلَيَّ سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَأَصْحَابِهِ أَوْلَى الْفَضْلِ وَالْإِنْعَامِ.
أَمَّا بَعْدُ: فَيَا أَيُّهَا النَّاسُ اتَّقُوا اللَّهَ فِي النَّثْرِ وَالْعَلَانِ، أَعُوذُ بِاللَّهِ مِنَ الشَّيْطَانِ الرَّجِيمِ: إِنَّمَا الْمُؤْمِنُونَ إِخْوَةٌ
فَأَصْلِحُوا بَيْنَ أَخَوَيْكُمْ اتَّقُوا اللَّهَ لَعَلَّكُمْ تُرْحَمُونَ.

Hadirin Sidang Jum'ah Rohimakumullah.

Sumangga urang sami-sami ningkatkeun kaimanan sarta kataqwaan ka Alloh swt. Margi mung ku iman jeung taqwa urang sadaya baris ngahontal kana kabagjaan hirup di dunya oge akherat. Salah sahijina cara pikeun ngaronjatkeun iman jeung taqwa ka Alloh swt. Nyaeta ku ngalakonan hak atanapi kawajiban salaku muslim jeung sasama muslim, hal ieu luyu sareng dawuhan kangjeng Rasul SAW :

حَقُّ الْمُسْلِمِ عَلَى الْمُسْلِمِ سِتٌّ إِذَا لَقِيَتهُ فَسَلِّمْ عَلَيْهِ وَإِذَا دَعَاكَ فَأَجِبْهُ وَإِذَا سَأَلْتَنِيكَ فَأَنْصَحْهُ وَإِذَا عَطَسَ فَحَمِدِ اللَّهَ
فَتَمِّتْهُ وَإِذَا مَرِضَ فَعُدَّهُ فَإِذَا مَاتَ فَاتَّبِعْهُ (رَوَاهُ مُسْلِمٌ)

Hartosna: "*Hak muslim ka sasama muslim aya genep nyaeta; di mana patepangan ngucapkeun salam, kadua dimana-mana diondang kudu nyumponan kana pangondangna, katilu dimana disuhunkeun nasehat kudu nganasehatan, kaopat dimana-mana beresin ngucapkeun hamdalah, kalima dimana-mana gering kudu ngalayad, kagenep dimana-mana maot kudu nguruskeun mayit dugi ka dikuburna.*" (HR. Muslim)

Hadirin Ahli Jum'ah Rahimakumullah

Salianti dawuhan Rosululloh SAW anu nembe kasebat, Allah SWT parantos ngajelaskeun dina Al-Qur'an surat Al-Hujurot aat 10:

إِنَّمَا الْمُؤْمِنُونَ إِخْوَةٌ فَأَصْلِحُوا بَيْنَ أَخَوَيْكُمْ وَاتَّقُوا اللَّهَ لَعَلَّكُمْ تُرْحَمُونَ



Hartosna: *"Saestuna satiap jalma mu'min teh dulur, mangka aranjeun kudu silih islahkeun di antara dulur aranjeun, jeung aranjeun kudu taqwa ka Gusti Alloh sangkan aranjeun meunang rohmat Alloh."* (QS. Al-Hujurot : 10)

Dumasar kana dawuhan Alloh SWT sarta hadits Rosululloh SAW nembe, maka urang sadaya salaku umat Islam jeung salaku mu'min teu bisa mungkir kana kawajiban atanapi hak anu kudu dilakonan satiap jalma anu sa-Iman jeung sa-Agama dina hartos Mu'min atanapi Muslim.

Hadirin Ahli Jum'ah Rahimakumullah

Upami ku urang diemutan ternyata ajaran Islam teh kacida merhatikeun kahirupan umatna kanggo nanjeurkeun karukunan, katentraman, sarta kamaslahatan hirup anu ngawengku kana kahirupan keluarga, tatangga, masyarakat, negara bahkan sa-alam dunya anu ngarana muslim mah tetep dulur.

Insyaa Alloh, upami urang sadaya parantos tiasa ngalaksanakeun pidawuh Rosulluloh SAW anu genep perkara tadi kasebat, tinangtu urang sadaya baris kalebetkeun umat Islam anu sajati, anu baris kenging kabarokahan hirup di dunya oge kabagjaan diakherat jaga. Langkung jelasna hikmah atanapi kamangfaatan tinu genep rupi upami ku urang diwincik deui diantawisna nyaeta:

Kahiji, upami urang patepang jeung papada muslim maka kedah ngucapkeun salam, pan eta teh ngandung harti silih du'akeun dina kasalametan hirup, sarta kenging pahala sunat pikeun nu ngucapkeunnana, jeung baris meunang pahala wajib kanggo jalmi nu ngawalerna.

Kadua, upami urang kenging pangundang teras nyumponan kana pangundangna, hikmahna teh pan baris nimbulkeun rasa duduluran anu kacida raketna sarta manjangkeun tali silaturrahmi anu ahirna baris kenging kabarokahan rizqi.

Katilu, upami urang disuhunkeun nasehat teras nganesahatan, memang eta kedahna luyu sareng dawuhan Allah swt.

وَتَوَاصَوْا بِالْحَقِّ وَتَوَاصَوْا بِالصَّبْرِ

"Jeung kudu silih wasiatan dina jalan hak sarta silih wasiatan dina kasabaran."

Kaopat, upami beresin kedah ngucapkeun "Alhamdulillah" maka kanggo jalmi anu ngadanguna kedah ngucapkeun "Yarhamukalloh" hal ieu teh mangrupikeun hiji tanda yen



beresin teh kanikmatan ti Gusti Alloh, nepi kajalma anu bersinna kudu muji ka Alloh tawis syukuran kana eta kanikmatan. Teras jalmi anu ngadangu “Yarhamukalloh” (mugi Alloh maparinan rohmat ka anjeun). Anu saterasna jalma anu beresinna ngucapkeun deui dua “yahdikumulloh” (muga Alloh maparing hidayah ka anjeun)

Kalima, upami aya jalmi anu teu damang maka pikeun jalma nu sehat kudu ngalayad. Hal ieu teh ngarupakeun hiji tanda yen antara sasama muslim kudu ngabogaan sifat ngaji rasa dina hartos yen urang sadaya upami aya jalmi anu teu damang rek tatangga atawa baraya, jauh atawa deukeut urang kedah ngiring ngaraoskeun ku cara ngalayad atawa ngadu'akeun supaya nu teu damang dipaparin katabahan sarta kasabaran sareng mugi-mugi Gusti Alloh SWT ngadamangkeun deui.

Kagenep, upami aya jalmi maot bari jeung muslim maka kawajiban pikeun nu hirup kudu ngurusan eta mayit, tikawit dimandian, di bungkus, disolatkeun dugi ka dikuburkeunana. Hal ieu teh hiji tanda yen satiap muslim kudu boga rasa saling pikanyaah, pikadeudeuh lain keur hirup wungkul tapi nepi ka maotna.

Hadirin Rahimakumullah

Mudah-mudahan naon rupa hal anu dianjurkeun ku Rosulluloh SAW, sapertos anu genep rupi tadi tiasa ku urang sadaya dilaksanakeun. Sahingga urang sadaya kenging kabagjaan hirup di dunya sareng akhirat. Amin.

بَارَكَ اللهُ لِي وَلَكُمْ وَلِجَمِيعِ الْمُسْلِمِينَ وَالْمُسْلِمَاتِ إِنَّهُ هُوَ الْعَفْوُ الرَّحِيمُ

= KHUTBAH KADUA =

الْحَمْدُ لِلَّهِ الَّذِي أَمَرَنَا بِالذِّكْرِ وَاللَّهُ وَامْتَنَّا بِأَمْرِ اللَّهِ وَاجْتَنَبْنَا نَوَاهِيَهُ. أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ، وَأَشْهَدُ أَنَّ سَيِّدَنَا مُحَمَّدًا عَبْدَهُ وَرَسُولَهُ، اللَّهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ وَبَارِكْ عَلَى عَبْدِكَ وَرَسُولِكَ سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَأَصْحَابِهِ. أَمَّا بَعْدُ: فَيَا عِبَادَ اللَّهِ، اتَّقُوا اللَّهَ حَقَّ تَقْوَاهُ وَأَحْتُكُمُ عَلَى طَعَةِ اللَّهِ وَطَعَةِ رَسُولِهِ فِي كُلِّ وَقْتٍ لَعَلَّكُمْ تُفْلِحُونَ. اللَّهُمَّ اغْفِرْ لِلْمُؤْمِنِينَ وَالْمُؤْمِنَاتِ وَالْمُسْلِمِينَ وَالْمُسْلِمَاتِ الْأَحْيَاءِ مِنْهُمْ وَالْأَمْوَاتِ. رَبَّنَا أَنْزِلْنَا مُنْزَلًا مُبَارَكًا وَأَنْتَ خَيْرُ الْمُنْزِلِينَ. رَبَّنَا افْتَحْ بَيْنَنَا وَبَيْنَ قَوْمِنَا بِالْحَقِّ وَأَنْتَ خَيْرُ الْفَاتِحِينَ. رَبَّنَا أَفْرِغْ عَلَيْنَا صَبْرًا وَثَبِّتْ أَقْدَامَنَا وَانصُرْنَا عَلَى الْقَوْمِ الْكَافِرِينَ. رَبَّنَا اتِّفَافِي الدُّنْيَا حَسَنَةً وَفِي الْآخِرَةِ حَسَنَةً وَقِنَا عَذَابَ النَّارِ. بِرَحْمَتِكَ يَا أَرْحَمَ الرَّاحِمِينَ وَالْحَمْدُ لِلَّهِ رَبِّ الْعَالَمِينَ

Disusun ku: Jamal Shidiq, S.Pd.I